



Pou Piblikasyon Imedyat: 14 desanm 2011

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GENERAL MILLS PRAL FÈ DON ANPIL AK YON  
PAKÈT BWAT SEREYAL AK BWAT SOUP POU BANK MANJE YO KÒM PATI  
KANPAY “HELP YOUR NEIGHBOR”**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse General Mills pran angajman nan kanpay “Help Your Neighbor”, pou pwomèt don anpil ak yon pakèt bwat sereyal ak bwat soup pou bank manje rejyonal yo ki nan Eta New York pou sezon fèt sa a.

General Mills pral fè don 15 000 bwat sereyal Big G pou Bank Manje (Food Bank of) Western New York ki nan Buffalo, ak yon total 3 000 bwat soup Progresso ki dwe separe ant Bank Manje pou Westchester ak Bank Manje pou Vil New York.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Avèk mank ki nan bank manje yo toupatou nan eta a, kanpay ‘Help Your Neighbor’ ap reyini biznis yo ak òganizasyon yo pou sèvi moun ki nan neseseite. Mwen di General Mills mèsè pou kalite dirijan li paske li se youn nan premye konpayi ki antre nan kanpay sa a, epitou mwen di li mèsè poutèt li ede asire Nouyòkè ki pi nan neseseite yo pa rete grangou pandan sezon fèt sa a.”

Aksyon “Help Your Neighbor” ankouraje Nouyòkè yo ak biznis yo pou fè don resous pou ede re-estoke ak ranpli etajè bank manje yo toupatou nan Eta New York. Bank manje rejyonal yo se sous prensipal manje pou moun ki nan neseseite yo, paske yo estoke rezo kantin ak soup popilè. Akòz dènye siklòn ak inondasyon, epitou akòz moman ekonomik difisil la, bank manje yo fè efò pou ofri ase manje pou moun k ap chèche jwenn èd yo. Gouvènè Cuomo te lanse kanpay “Help Your Neighbor” nan dat 23 novanm pou ranpli etajè bank manje ki toupatou nan eta a pou asire moun ki nan neseseite yo pa rete grangou pandan sezon fèt la.

“Help Your Neighbor” se yon pati kanpay “NYGives” Gouvènè Cuomo, yon efò k ap fèt toupatou nan eta a pou ankouraje fondasyon charite yo fè don ak montre jenewozite yo pandan tout sezon fèt la. “NYGives” konekte biznis yo, òganizasyon ki pa travay pou lajan yo, ak moun k ap chèche fè don pou òganizasyon k ap sèvi dirèkteman Nouyòkè ki pi nan neseseite yo. Kanpay la ap kontinye jouk nan fen ane 2011 lan. Premye konpayi ki antre nan kanpay la, Jetro/Restaurant Depot, te pran angajman pou ogmante don li fè pou bank manje yo a 25 %. Don an te 200.000\$ dola, epi kounye a li rive a 250.000\$ dola.

Ellen Luger, direktè egzekitif General Mills Foundation ak vis-prezidan, General Mills, di konsa, “Pandan anpil jenerasyon – nan bon ak move moman – General Mills te montre yon pwofon angajman san kondisyon pou kominote nou yo. Misyon lavi nou se pou bay manje chak jou pou chak moun. Pou fè sa, non sèlman n ap pataje resous finansye nou yo, men tou n ap pataje espètiz ak ladrès inik nou pandan n ap fè anpil efò pou amelyore lavi timoun ak fanmi ki

toupatou nan lemond. Nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou kalite dirijan li pou satisfè bezwen sa yo, epitou nou kontan patisipe nan efò sa a.”

Don sa a ap kontinye angajman General Mills pou bay manje pou kominote yo ki toupatou nan peyi a, ak toupatou nan lemond. General Mills se youn nan pi gwo konpayi ki fè don nan Etazini, epitou ane pase, konpayi sa a te kontribiye a plis pase 118\$ milyon dola pou bay jarèt pou fanmi ak kominote yo pandan l ap konsantre sou grangou ak sou aksyon pou sitiyasyon alimantè. Answit, General Mills se yon pami donatè prensipal manje nan Etazini. Ane pase, li te fè don plis pase 28\$ milyon dola nan pwodui pou Feeding America, pi gwo òganizasyon peyi a pou sekou kont grangou ki gen rezo ki fòme avèk plis pase 200 bank manje. Nan dènye senk ane yo, General Mills te fè don plis pase 4,7 milyon liv manje pou bank manje ki toupatou nan Eta New York. Li te fè nan patenarya li avèk Feeding America.

###

*W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418*